



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VENKÈ GRAN PRIM 1 MILYON DOLA 43NORTH
LAN**

***SomaDetect Ranpòte Gran Prim 1 Milyon Dola a nan Konpetisyon Jèn Konpayi 5
Milyon Dola a***

Squire Resevwa Prim Dezyèm Plas 650,000 Dola a

***8 Meyè Finalis yo te Rekonpanse Pami 502 Jèn Konpayi an Total Ki T'ap Rivalize
yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a SomaDetect kòm venkè gran prim 1 milyon dola a pou katriyèm konpetisyon 43North anyèl lan. Yo te anonse ywit meyè finalis nan konpetisyon jèn konpayi pou 5 milyon dola yo nan yon seremoni prim nan Buffalo aswè a. Pou katriyèm ane konsekitif, 43North te bay ywit jèn konpayi ki soti toupatou nan mon lan yon total 5 milyon dola nan prim lajan kach yo, espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, oryantasyon mantò yo ak aksè a lòt pwogram rekonpans pou biznis yo.

“43North ap kontin favorize renesans Buffalo nan ekspoze pakèt opòtinite ak resous ki disponib yo nan Rejyon Lwès New York epi atire pi bon antreprenè ak biznis yo ki soti toupatou nan mond lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap akeyi fanm ak gason pwogresis, kreyatif sa yo nan New York, epi nou espere wè tout venkè 43North 2017 lan yo ki ap sipòte kwasans pèmanan ekonomi Buffalo a.”

“43North se grenn senbòl reyèl pou transfòmasyon ki te reyalize pandan sis ane ki sot pase yo gras a Gouvènè Cuomo ak Buffalo Billion”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Yon rejyon ke yo te defini lontan pa plas li sou senti wouye a se kounye a yon santral inovasyon, yonn ki ap rapidman vin tounen yon destinasyon nasyonal pou nouèl ak jèn konpayi yo, antreprenè ki kreyatif yo ak yon vizyon pou fiti. Mwen ap felisite venkè aswè a epi mwen espere gade istwa reyisit yo, ak pa Buffalo, kontinye deplwaye.”

Venkè Konpetisyon 43North 2017 lan yo se:

Gayan 1 Milyon dola: SomaDetect

Vil Natal: Fredericton, New Brunswick, Canada

SomaDetect se yon konpayi teknoloji agrikòl k ap founi pwodiktè pwodwi letye yo endikatè kle pou mezire kalite lèt la yo. Avèk SomaDetect, pwodiktè pwodwi letye yo konekte nan yon fason entim ak chak manman bèf yo ap tire lèt yo, sa k ap pèmèt yo idantifye pwoblèm yo bonè, pran desizyon byen enfòmè epi pwodwi meyè kalite lèt posib. www.somadetect.com

Gayan pri 650,000 dola: Squire

Vil Natal: New York, NY

Squire se OpenTable pou salon kwafè yo. www.getsqire.com

Gayan pri 550,000 dola: Qidni Labs

Vil Natal: San Francisco, CA

Qidni Labs Inc. devlope terapi ranplasman renal yo (ren atifisyèl yo) ki gwosè pla men w, anpil milyon pasyan ki souffri ensifizans renal ka itilize yo. <http://qidni.com>

Senk gayan 500.000 dola:

Femi Secrets

Vil Natal: Atlanta, GA

Femi Secrets founi pi meyè pwoteksyon pou fanm ki gen tout laj pandan moman yo gen règ yo. Femi Secrets espesyalize nan opsyon bon sans ki favorab a anviwonman pou fanm yo epi pwodwi premye plan yo an ki rele Pretty Panty a (Pèl Kilòt) garanti san pap koule nan kilòt la ditou. Yo ap ede fanm yo rete bèl, konfòtab epi konfyant.

www.femisecrets.com

Kangarootime

Vil Natal: Long Beach, CA

Kangarootime se premye sistèm modèn k ap opere sou telefòn selilè ak sou entènèt pou sant gadri, lekòl ak kan pou timoun yo. Yo founi yon estrateji jesyon dokiman global pou ede lekòl yo sispenn itilize papyè epi kreye yon dewoulman travay k ap asire etidyan, paran, manm pèsònèl ak manm direksyon an yo toujou rete enfòmè sou tout aktivite yo. www.kangarootime.com

Burner Fitness

Vil Natal: Buffalo, NY

Burner se yon platfòm pou antrènman lespri ak kò a. Yo rann li abòdab pou nenpòt moun antrene avèk meyè gid pwofesyonèl espòtif ak kotch byenèt ki genyen yo.

www.burnerfitness.com

TARA AI

Vil Natal: San Jose, CA

TARA se yon konstriktè pwodwi entelijan, k ap itilize entèlijans atifisyèl (AI) pou akselere devlopman lojisyèl pwodwi yo, atravè analiz otomatik pòte pwojè a, asiye pwojè a kontraktè yo byen verifeye ak jesyon pèfòmans. <https://tara.ai>

Suncayr

Vil Natal: Kitchener, Ontario, Canada

Pwodwi Suncayr ki rele, SPOT la, se yon endikatè entèlijans ki endike nivo limyè ultravyolè (UV light) pou ede tout moun rete pi an sekirite anba solèy la. SPOT jis chanje koulè byen senp pou montre moun k ap itilize krèm solèy la yo lè krèm solèy yo a pap pwoteje yo ankò. <http://suncayr.com>

Prim Chwa Piblik la (People's Choice Award): SomaDetect

Vil Natal: Fredericton, New Brunswick, Canada

SomaDetect se yon konpayi teknoloji agrikòl k ap founi pwodiktyè pwodwi letye yo endikatè kle pou mezire kalite lèt la yo. Avèk SomaDetect, pwodiktyè pwodwi letye yo konekte nan yon fason entim ak chak manman bèf yo ap tire lèt yo, sa k ap pèmèt yo idantifye pwoblèm yo bonè, pran desizyon byen enfòmè epi pwodwi meyè kalite lèt posib. www.somadetect.com

Faz final prezantasyon aswè sa te yon apoje katriyèm Semèn 43North anyèl lan, yon selebrasyon pou inovasyon ak antreprenarya pandan ywit jou ki te òganize soti 28 Septanm pou rive 5 Oktòb nan Buffalo. Semèn lan gen ladan yon seri aktivite, aktivite ak opòtinite pou rantre an rezo yo. Sèz ekip finalis yo te vin triye redwi a 10 konpayi, ki te vanse epi prezante devan sèt jij ekspè ki te an dènye lye detèmine venkè 43North 2017 yo.

Jij ekspè 43North yo gen pami yo:

- Bonin Bough - @boughb | Prezantatè | Cleveland Hustles
- Melissa Bradley - @bradleyml ak @Project500DC | Direktris | Project 500
- Toby Corey - @tobycorey | Konferansye Stanford University, Antreprenè ak Ansyen Egzekitif Tesla
- Virginia Giddings - Direktris Siperyè, Inovasyon & Teknoloji Avanse | Stryker Neurovascular
- Eric Hippeau - @erichippeau | Dirèktè Jeneral | Lerer Hippeau Ventures
- David Jakubowski - Dirèktè, Publisher Solutions | Facebook
- Jill Thompson - @theJoLTGroup | Prezidan | The JoLT Group

Bill Maggio, ki se Prezidan Komite 43North lan, te deklare: “Aswè a demontre validasyon ki kontinye pou angajman anvè kalite aplikan nou yo ki nan konpetisyon nou an. Mwen ta renmen felisite ywit (8) gwo venkè nou yo, espesyalman SomaDetect, ki se venkè gran prim nou an. Nou ap akeyi yo nan Buffalo”.

John R. Koelmel, Prezidan Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ak lidè biznis Buffalo te deklare, “Mwen vle felisite tout venkè aswè yo, ki te distenge tèt yo pami plis pase 500 soumisyon, epi mwen akeyi yo antan ke pi nouvo manm nan kominote biznis Buffalo a. NYPA fyè anpil pou li sipòte ankò konpetisyon ekstrayòdinè sa ane sa epi mwen espere wè nouvo lespri antreprenaryal enteresan yo ki pral pote plis enèji ankò nan Buffalo ak Rejyon Lwès New York.”

Prezidan, Direktyè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, sa se yon lòt jou istorik pou Rejyon Lwès New York. Konpetisyon 43North lan ap kontinye atire talan klas mondyal nan kominote jèn konpayi ki ap devlope nan rejyon an, jodi a li ap ajoute

ywit nan pi bon ak pi briyan jèn konpayi ki nan mond lan pou vin rejwenn kominote antreprenaryal ki ap devlope rapidman nan Buffalo a.”

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York la (Western New York Regional Economic Development Council) ak Prezidan SolEpoxy Inc. lan Jeff Belt te deklare, “Pou katriyèm ane yonn apre lòt, konpetisyon sa ap demontre - san okenn dout - ke Buffalo ouvri pou biznis. Gras a vizyon Gouvènè Cuomo, 43North te fè vil sa vin tounen yon destinasyon pou jèn konpayi ak antreprenè yo ka devlope biznis yo. Nou ap akeyi gayan ane sa yo nan Buffalo, epi nou espere travay ansanm avèk yo pou kapab ede yo reyalize pwomès biznis yo.”

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York lan epi Prezidan State University of New York nan Fredonia, Dr. Virginia Horvath, te deklare, “43North kontinye fòtifye ekosistèm antreprenarya Rejyon Lwès New York lan. Nou espere wè kontribisyon venkè ane sa yo nan fè vanse reyisit li ki ap kontinye an.”

Enfòmasyon sou 43North

43North se konpetisyon jèn antrepriz 5 milyon dola, ki ap bay rekonpans lajan kach bay kèk nan pi bon antreprenè ak jèn antrepriz yo ki soti toupatou nan mond lan. Gayan 43North yo pral resevwa espas enkitabè gratis nan Buffalo pou yon ane, gid ak ankandremman konseye ki nan domèn ki gen rapò a domèn pa yo a, ak aksè a pwogram prim ankourajman yo tankou pwogram START-UP NY la. 43North fonksyone gras a sipò inisyativ Buffalo Billion Gouvènè Andrew Cuomo a, ak sibvansyon Otorite Enèji New York ak Empire State Development yo. Nou jwenn sipò adisyonèl nan men plizyè lòt esponnsò. Pou plis enfòmasyon sou 43North, vizite www.43north.org.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418